




ITANGAZO RYEREKEYE IBIKORWA N'UBURENGANZIRA BW'ABAHARANIRA AGATEKA KA ZINA MUNTU

Déclaration sur le droit et la responsabilité des individus, groupes et organes de la société de promouvoir et protéger les droits de l'homme et les libertés fondamentales universellement reconnus



IGENEKEREZO IRI TANGAZO RYEMEREJWEKO

RYEMEJWE MU MWUMVIKANO WA BOSE N'INAMA YA BOSE Y'IBIHUGU BIGIZE ISHIRAHAMWE MPUZAMAKUNGU ONU



ABAHARANIRA AGATEKA KA ZINA MUNTU NI BANDE ?



Abakenyezi n'abagabo biyemeje intumbero yo guharanira iyubahirizwa ry'agateka ka zina muntu. Nk'akarorero : Ubwigenge bwo gushikiriza icyumviro, uburenganzira bw'abakenyezi, ubw'abasangwabutaka, ubw'abahuza ibitsina babisangiye. Abo bantu barashobora gukora umwe ku giti ciwe canke bahurikiye mu mashirahamwe.

ABAHARANIRA AGATEKA KA ZINA MUNTU BOFASHWA GUTE ?

- Menyekanisha aho mubaye, itangazo mpuzamakungu ryerekeye ibikorwa n'uburenganzira bw'abaharanira agateka ka zina muntu
- Terera kugirango igikorwa c'abaharanira agateka ka zina muntu cemerwe mu gihugu cabo
- Terera kugirango inzego z'igihugu cawe zemeze ko igikorwa c'abaharanira agateka ka zina muntu ari nkenerwa
- Shigikira amashirahamwe akingira abaharanira agateka ka zina muntu
- Tabara canke mutabarize abaharanira agateka ka zina muntu mu bihe babangamiwe.
- Na wewe nube uwuharanira agateka ka zina muntu! Twese turafise uburenganzira n'ivyo dutegerezwa gukora muguteza imbere no guharanira agateka ka zina muntu

IRI TANGAZO RIFISE IGIHAGARARO IKIHE ?

Itangazo ririsunga, rigashimangira rikongera rigashira ahabona ingingo zijanye n'amategeko mpuzamakungu ziremerye bwa tegeko mu gisata c'agateka ka zina muntu;

UBURENGANZIRA N'UGUKINGIRWA BIHABWA ABAHARANIRA AGATEKA KA ZINA MUNTU

GUTEZA IMBERE AGATEKA KA ZINA MUNTU MU GIHUGU CABO NO KW'ISI YOSE 	GUHAGARARIRA AGATEKA KA ZINA MUNTU UBA WENYENE CANKE KUMWE N'ABANDI 	KUJA HAMWE NO GUSHINGA AMASHIRAHAMWE ATEGAMIYE INTWARO 	GUTUNGANYA AMANAMA N'AMAKORANIRO MU MUTEKANO 	GUTOROROKANYA NO GUTANGA AMAKURU YEREKEYE AGATEKA KA ZINA MUNTU 	GUSHINGA INGINGO NGENDERWAKO N'IVYIYUMVIRO BISHASHA MU GISATA C'AGATEKA KA ZINA MUNTU
GUTERERA ABARONGOZI B'IGIHUGU IVYIYUMVIRO BITEZA IMBERE INTWARO IBEREYE N'UGUTABAZA IYO AGATEKA KA ZINA MUNTU KAGERAMIWE 	KWITURA INZEGO ZIBIFITIYE UBUBASHA MU GIHE HARI INGINGO N'IBIKORWA VY'INTWARO BITUBAHIRIZA AGATEKA KA ZINA MUNTU 	GUFASHA MU BIJANYE N'AMATEGEKO N'UGUTANGA IMPANURO ZO GUKINGIRA AGATEKA KA ZINA MUNTU 	GUKURIKIRANA IMANZA MU BUTUNGANE, INGENE ZITOHOZWA N'INGENE ZIBURANISHWA MU NTAHE Z'ICESE KUGIRA BARABE KO ZISUNGA AMATEGEKO Y'IGIHUGU NA MPUZAMAKUNGU 	GUHANAHANA INKURU N'AMASHIRAHAMWE ATEGAMIYE INTWARO HAMWE N'AMASHIRAHAMWE MPUZAMARETA 	GUSHOBORA GUSHIKIRA UMUCAMANZA KUGIRA BAHAGARARIRE UBURENGANZIRA BWABO
KURANGURA IGIKORWA CANKE UMWUGA WO GUHARANIRA AGATEKA KA ZINA MUNTU HISUNZWE AMATEGEKO 	GUKINGIRWA N'AMATEGEKO BIMWE BISHEMEYE MU GIHE BARIKO BARAGWANYA IHOHOTERWA RY'AGATEKA KA ZINA MUNTU 	GUSABA, KURONSWA NO GUKORESHA IVYA NKENERWA MU GUKINGIRA AGATEKA KA ZINA MUNTU 	IVYO TUBISOMA MU NGINGO 1, 5, 6, 7, 8, 9, 11, 12 NA 13		

IVYO IBIHUGU BITEGEREZWA GUKORA

GUKINGIRA, GUTEZA IMBERE NO GUTSIMBATAZA UBURENGANZIRA BWOSE BWA KIREMWA MUNTU 	GUCUNGERA KO ABANTU BOSE BARONKA UBURENGANZIRA BWOSE BWA KIREMWA MUNTU 	GUFATA INGINGO ZOSE ZISHOBOKA ZICA MU MATEGEKO, MU VY'INTWARO CANKE AHANDI HOSE BIKENEWE KUGIRA UBURENGANZIRA N'UBWIGENGE BISHIRWE MU NGIRO UKURI KWAMYE 	KWOROHEREZA GUSHIKIRA UBUTUNGANE ABANTU BOSE BEMEZA KO BAHOHOTWE MU GATEKA KABO 	GUKORA AMATOHOZA YIHUTA KANDI ATAHU YEGAMIYE KU BIREGO BIJANYE NO GUHOTOHERA AGATEKA KA ZINA MUNTU 	GUFATA INGINGO ZOSE ZIKENEWE KUGIRA NTIHAGIRE UMUNTU N'UMWE AHOHOTERWA AZIRA IGIKORWA CIWE CO GUHARANIRA AGATEKA KA ZINA MUNTU
IVYO TUBISOMA MU NGINGO ZA 2, 9, 12, 14 NA 15			GUKANGURA ABANTU KUGIRA BAFATE NKAMA UBURENGANZIRA BUJANYE N'IMIBANO, INTWARO Y'IGIHUGU N'IMICO KAMA 	GUHIMIRIZA, GUSHIGIKIRA ISHINGWA NO GUTEZA IMBERE INZEGO Z'IBIHUGU ZIGENGA ZIJEJWE AGATEKA KA ZINA MUNTU 	GUTEZA IMBERE NO KWOROHEREZA KWIGISHA AGATEKA KA ZINA MUNTU

IVYO UMUNTU WESE ATEGEREZWA GUKORA

UMWE WESE ATEGEREZWA GUTEZA IMBERE AGATEKA KA ZINA MUNTU, KUBUNGABUNGA INTWARO RUSANGI N'INZEGO ZAYO, AKIRINDA GUHUNGABANYA AGATEKA KA ZINA MUNTU 	UMUNTU WESE AKORA AKAZI GASHOBORA GUTOSEKAZA AGATEKA KA ZINA MUNTU CANE CANE INYAMIRAMABI, ABASHIKIRIZAMANZA N'ABACAMANZA BATEGEREZWA GUKINGIRA AGATEKA KA ZINA MUNTU 	IVYO TUBISOMA MU NGINGO ZA 10, 11 NA 18
--	--	--